

“Kuita kuti miti nenzvimbo yedu itishandire”

Tsananguro yezvinoreva Kariba REDD nechirongwa chacho

REDD zvinoreva kuti kuderedzwa kwakuparadzwa kwemiti nemasango edu. Kana tikaderedza kuparadzwa uku ndizvo zvichaita kuti chirongwa ichi chiwanise vanhu vemunharaunda kurarama nekugara zvakanaka kuburikidza nemabasa achenge achiitwa.

Muchidimbu tinoti: Kana tikaderedza kuparadzwa kwemiti nemasango, chirongwa ichi chichazenge chichiwana mari inozokwanisa kusimudzira magariro evanhu munharaunda iyi zvechiita kuti upenyu hwavo huvandudzike.

Chirongwa ichi chichange chechiitika munzvimbo dze Binga, Nyaminyami, Hurungwe ne Mbire Rural District Councils.

Mapoka mazhinji panyika ino anofarira kuona mamiriro ekunze akanaka. Mapoka mazhinji awa ndiwo achatipa mari yechirongwa chedu zvichaita kuti masango nemhuka zvichengetedzwe zvichizovandudza upenyu hwavanhu.

Chirongwa ichi kana pasina kubatana kwevanhu vemunharaunda hachikwanisi kubudirira. Kuti chirongwa ichi chibudirire nekuti chiwane mari, pane mabasa anosimudzira hupenyu hwavanhu anofanirwa kuitwa.

Mabasa acho akafanana neawa;

- Kurima kwakavandudzika
- Mabasa emaoko anounza mari kuvanhu zvechiita kuti vasaparadze masango
- Dzidzo
- Kuchengetedzwa kwemasango
- Kudzvara miti
- Kuvandudza nekuvaka zvikoro, zvipatara nedzimwe nzvimbo dzekutandarira.

- Mari ichange yakanangana nematunhu inofanira kuvenechinangwa chekusimudzira zvinodiwa neruzhinji sekubhadhara mari yechikoro nezvekudya.
- Nzvimbo dzinenge dzechitwa chironwa ichi dzichange dzechiongororwa nemasangano anoongorora nezvemari gore rega rega. Kana zvikaonekwa kuti kuparadzwa kwemasango nenzvimbo kuri kuderera, mhuka dziri kuchengetedzwa nehupenyu hwavanhu hwavandudzika, mari ichazonge ichiramba ichiunzwa nguva nenguva kuti chironwa ichi chienderere mberi.

Zvakakosha zvichazowanikwa nekuda kwechironwa ichi.

Hupfumi: Vanhu vemunharaunda idzi vachabatsirika chaizvo sezvataurwa pamusoro kubva mumari ichawanikwa nekubudirira kwechironwa ichi. Izvi zvichaonekwa nekuvandudzika kwe hupenyu hwavo, utano neupfumi hwavo.

Nharaunda yedu: Zvichawanikwa kubva munharaunda yenyu ndizvo zvichaita kuti chironwa ichi chibudirire uye imwi muchizowana upfumi kubva pazviri. Izvi zvichaita kuti vanhu vemunharaunda vaone kukosha kwekuchengetedza nzvimbo yavo zvinozosimudzira upfumi hwavo. Upfumi uhwu hunoramba hwakadaro kana mukaramba makachengetedza nzvimbo yenyu zvakanaka. Kuchengetedzwa kwenzvimbo kwakakosha kuitira kuti chironwa ichi chienderere mberi.

“ Miti nemhuka zvinhu zvenyu isu tiripo chete pakukubatsirai kuti zvive neuremu hwakakodzera zvinoita kuti imwi varidzi vazvo mubatsirike paupenyu hwenyu.

Kana muine mubvunzo taurai nesu.

Tatenda

Carbon Green Investments

Charles Nondo,

Phone : +263 772 416 408 Email: Charles@charlestel.co.zw